



[S.I.S.[®]]
Store It Safe[®]

Prevansyon kont swisid

Gid Diskisyon Fanmi



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN[®]



REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Reyalite sou Swisid



50% MOUN KI TE SIVIV te fè tantativ swisid
20 minit apre yo te pran desizyon an



Lè jèn yo gen aksè ak zam ki rete san siveyans, **sa triple risk** pou yo mouri pa swisid



2 SOU CHAK 10 ELÈV
(20%) te seryezman panse swiside tèt yo, epi prèske 1 sou chak 10 (9%) te eseye swiside tèt yo



16% ELÈV LEKÒL SEGONDÈ YO te fè yon plan pou swiside tèt yo pandan ane ki sot pase a



82% JÈN ki mouri pa swisid te sèvi ak zam ki te lakay yo.

REYALITE SOU SWISID

DEKLANNCHÈ EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Deklannchè Emosyonèl yo

Sa pa ta dwe lakòz lanmò

Kisa ou ka fè pou pwoteje jèn ou yo?

- TOUT jèn an danje
- Sèvo yon adolesan poko fin devlope, sa ka lakoz yo fè fas ak sitiyasyon emosyonèl ki ka depase kapasite yo pou kontwole enpilsyon yo ki poko devlope nèt
- Konnen risk blesi yo epi itilize yon baryè ka ede kenbe jèn yo an sekirite
- Jèn yo ka angaje yo nan konpòtman ki riske epi reyaji ak faktè estrès ki sanble piti
- Menm si yo pa gen okenn antesedan depresyon, pafwa jèn yo pran desizyon enpilsif ki gen gwo konsekans. **Edikasyon sèlman pa ase.**



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics  DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Risk yo



Zam:

- 90% tantativ swisid ki fèt ak yon zam fini ak lanmò
- Prèske 2 sou 3 lanmò ki fèt ak zam nan Etazini se akoz swisid.
- Pousantaj swisid ak zam pami adolesan yo ogmante 61% pandan 10 dènye ane yo.
- Jèn yo pa ta dwe konnen konbinezon oswa kote kle kòfrefò zam yo ye



Medikaman:

- Jèn yo souvan pran medikaman lè y ap fè tantativ swisid
- Medikaman sou preskripsyon ak san preskripsyon ka lakòz lanmò akoz twòp dòz
- **Tylenol**, Lè yo pran plis pase dòz ki rekòmande a, sa ka lakoz blesi ki menase lavi oswa lakoz lanmò, menm si pa gen okenn sentòm pandan premye 24 èdtan yo



Alkòl/Dwòg:

- Alkòl se dwòg jèn yo pi souvan itilize ak abize nan Etazini epi li fasil pou jwenn nan kay yo
- Alkòl lakoz plis pase 4,300 lanmò pami adolesan ameriken yo chak ane



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics 
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Baryè yo efikas



Zam:

- Menm si jèn yo gen eksperyans ak zam, yo ta dwe sèlman gen aksè ak yo anba siveyans yon moun ki responsab
- Kenbe tout zam ou pa gen kontwòl dirèk sou yo fèmen anba kle
- Minisyon yo dwe fèmen anba kle tou lè yo p ap itilize yo
- Anvizaje pou retire zam yo tanporèman nan kay la si yon moun gen panse swisid



Medikaman:

- Toujou kenbe medikaman sou preskripsyon ak san preskripsyon yo yon kote ki fèmen epi kote timoun ak jèn yo pa ka rive jwenn
- Fè yon konvèsasyon familyal sou danje ki genyen nan move itilizasyon medikaman yo
- Pa janm pataje medikaman ak manm fanmi yo
- Jete medikaman sou preskripsyon yo apre peryòd yo te preskri yo a



Alkòl/Dwòg:

- Menm jan ak medikaman, alkòl ak dwòg yo ta dwe rete anba kle epi yo pa ta dwe aksesib pou jèn yo
- Pale ak jèn ou yo sou danje alkòl ak dwòg ka genyen. Kenbe mwayen komunikasyon yo ouvri epi fè jèn ou yo konnen yo p ap nan pwoblèm si yo vin jwenn ou ak enkyetid yo.



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics 
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Siy avètisman Swisid



- Depresyon ak lòt pwoblèm sante mantal, oubyen yon pwoblèm abi sibstans
- Pale sou santiman san espwa oswa san valè ou genyen
- Tantativ swisid anvan yo
- Pran distans oswa izole tèt ou de zanmi, kamarad ak fanmi
- Antesedan familyal swisid, maladi mantal, oswa depresyon
- Konnen yon moun ki gen konpòtman swisid (pa egzanp, yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon selebrite)
- Gwo estrès oswa enkyetid
- Chanjman toudenkou nan konpòtman tankou pale mwens oswa vin dezangaje
- Entimidasyon

Kit pitit ou a gen pwoblèm sante mantal kit li pa genyen, jèn yo pa ta dwe gen aksè san sipèvizon ak okenn mwayen ki ka touye yo. Sa gen ladan yo zam, medikaman (kit yo preskri oswa ou achte san preskripsyon), dwòg ak alkòl. Kenbe atik sa yo fèmen anba kle epi asire w jèn yo pa konnen kote kle yo ye.

REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO

Pale ak Pitit ou

**Pitit
mwen an...**

...se yon elèv ki toujou sou tablo onè
...nan gwoup mizik lekòl la
...pa fasil fè zanmi
...se yon atlèt ki gen anpil talan
...toujou okipe
...gen anpil zanmi
...nan gwoup elèv ki popilè yo
...pase anpil tan poukont li
...gen yon ti gwoup zanmi ki pwòch li
...se lidè yon klèb lekòl
...gen difikilte ak nòt lekòl yo

→ **Èske mwen ta dwe pale ak pitit mwen
an sou kesyon sante mantal ak swisid?**

WI!

Chak paran ta dwe gen konvèsasyon onèt ak louvri ak adolesan yo, kèlkeswa sikonsans yo. Li ka difisil pou rekonèt depresyon ak swisid, se poutèt sa li enpòtan pou gen dyalòg ouvè.

Pale sou sijè sa a souvan ak adolesan ou an, menm si sa sanble pa enterese l. Antre yo nan woutin nòmal ou, tankou pandan manje an fanmi, se yon fason fasil pou fè sa.

Ou kapab fè yon diferans.

**REYALITE SOU
SWISID**

**DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL**

RISK

OBSTAK

**SWISID SIY
AVÈTISMAN**

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Resous

Sekirite jèn ou a enpòtan pou ou, pou doktè ou, ak pou manm kominote

a. Ou merite gen tout enfòmasyon posib pou ede anpeche risk blesi.

- 1) Pale ak jèn ou a ak pedyat li a
- 2) Si w gen plis kesyon, gade resous sa yo epi kontinye fè tchek regilye ak jèn ou a:
 - Liy mesaj tèks nan ka gen kriz - Vole 4HOPE bay 741741
 - Sant Resous pou Prevansyon Kont Swisid (Suicide Prevention Resource Center) - <https://www.sprc.org/>
 - Liy pou Prevansyon kont Swisid (Suicide Prevention Lifeline) - <https://suicidepreventionlifeline.org/>
 - Liy pou Swisid ak Kriz - Rele oswa ekri 988
- 3) Si ou gen enkyetid kote lavi an danje, ale dirèkteman nan depatman ijans ki pi pre w la

Ou gen kesyon?

Ou ka jwenn resous AAP Ohio yo sou:

<https://ohioaap.org/storeitsafe/in/resources>

© Dwa Otè 2022, Chapit Ohio, Akademi Ameriken pou Pedyatri

REYALITE SOU
SWISID

DEKLANNCHÈ
EMOSYONÈL

RISK

OBSTAK

SWISID SIY
AVÈTISMAN

PALE AK PITIT OU

RESOUS YO



Ohio Chapter

INCORPORATED IN OHIO

American Academy of Pediatrics 
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®